


BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu leuwih nyoko kana kualitas atawa hal penting tina sipat hiji barang/jasa (Satori, 2009 kc. 22). Panalungtikan kualitatif dirancang pikeun méré sumbangan kana tiori, prakték, kawijakan, masalah-masalah sosial, jeung tindakan. Ngayakeun panalungtikan kualitatif hartina mekarkeun patalékan dasar ngeunaan naon jeung kumaha éta kajadian aya, saha nu kalibet dina éta kajadian, iraha kajadianana, jeung di mana kajadianna. Pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu bisa dipercaya, dibutuhkeun sababaraha sarat anu kudu ditedunan, ti mimiti sarat data, cara/ téhnik néangan data, ngolah, jeung nganalisis data.

Désain panalungtikan nya éta prosés panalungtikan nu mangrupa studi pustaka, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyieun laporan panalungtikan. Désain panalungtikan pikeun analisis *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* ditilik tina filologi jeung analisis struktural bisa digambarkeun dina bagan 3.1 ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan museur kana dua ulikan nya éta ulikan filologi jeung ulikan struktural. Dina Fathurahman (2015, kc.69) sacara kronologis galur panalungtikan filologi nya éta: 1) nangtukeun téks, 2) invéntarisasi naskah, 3) déskripsi naskah, 4) ngabandingkeun naskah jeung téks, 5) nyusun édisi téks, 6) narjamahkeun téks jeung 7) analisis eusi. Dina ieu panalungtikan dipedar invéntarisasi naskah, déskripsi naskah jeung transliterasi naskah *Wawacan*

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hikayat Hasan Şoig Başı. Sabada ulikan filologi, tuluy ngulik struktur *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başı* nu ngawengku struktur formal jeung struktur naratif.

3.2 Sumber Data jeung Tempat Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun yén sumber data nya éta subyéék ti mana meunangkeun data. Lamun nu nalungtik maké kuesioner atawa wawancara dina ngumpulkeun datana, sumber datana disebut réspodén, nya éta jalma anu méré réspón atawa ngajawab pananya ti nu nalungtik boh sacara tinulis boh sacara lisan. Lamun nu nalungtik maké métode obsérvasi, sumber datana mangrupa barang, gerak, atawa prosés hiji hal. Lamun nu nalungtik ngayakeun dokuméntasi, nu jadi sumber datana nya éta dokumén atawa catetan. Sangkan leuwih jéntré, dipedar klasifikasi sumber data nurutkeun Arikunto saperti ieu di handap.

- 1) *Person*, sumber datana mangrupa jalma nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- 2) *Place*, sumber data mangrupa tempat anu midangkeun tampilan kaayaan cicing atawa obah. Tampilan kaayaan cicing, misalna ruangan, alat, barang, warna, jrrd. Tampilan kaayaan obah, misalna kagiatan, kinerja, ritme lagu, tari, kagiatan pembelajaran, jrrd
- 3) *Paper*, sumber data nu mangrupa simbol, midangkeun tanda-tanda nu mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna. Kulantaran kitu, *paper* teu kawatesanan ku kertas, tapi bisa mangrupa batu, kai, tulang, lontar, jsb nu cocog dipaké pikeun métode dokuméntasi.

Kecap dokumén asalna tina basa Latén nya éta *docere*, nu hartina ngajar. Dokumén nurutkeun Gottschalk (dina Gunawan, 2013, kc. 175) dipaké dina dua harti. Nu kahiji, nya éta sumber tulisan informasi sajarah anu mangrupa lalawanan tina kasaksian lisan, artéfak, titinggal mangrupa gambar, jeung patilasan-patilasan arkéologi. Nu kadua, mangrupa surat-surat resmi jeung surat-surat nagara contona surat perjanjian, undang-undang, hibah, konsési, jrrd. Gottschalk ogé nétélakeun yén dokumén ngabogaan harti dina unggal prosés pikeun ngabuktikeunna anu didadasaran ku sumber lisan, tulisan, gambaran atawa arkéologis. Renier (dina

Gunawan, 2013, kc.175) ogé nyebutkeun istilah dokumén dina tilu wangenan, nya éta :

- 1) dina harti lega, sakabéh sumber nu ngawengku sumber tinulis atawa sumber lisan;
- 2) dina harti heureut, ngawengku sumber tinulis hungkul; jeung
- 3) dina harti *spesifik*, ngawengku surat-surat resmi jeung surat-surat nagara, saperti surat perjangjian, undang-undang, konsesi, hibah, jsb.

Sugiyono (dina Gunawan, 2013, kc.176) ogé nétélakeun yén dokumén mangrupa catetan kajadian anu geus kaliwat dina wangun tinulis, gambar, atawa karya monuméntal. Sumber data dina ieu panalungtikan kaasup kana dokumén tinulis nya éta naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*. Ieu naskah asalna ti Ibu Hj. Neneng Nani Sumarni di Jl. Cigadung Raya Timur No.63 Rt 05/02 Kelurahan Cigadung, Kecamatan Cibeunying Kalér, kota Bandung. Ieu naskah asalna warisan, tapi teu disebutkeun warisan ti saha-sahana. Baheula *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* dipaké pikeun marhabaan sanggeus ngalahirkeun atawa waktu muludan. Naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* lobana dua jilid citak, ditulis ku aksara Pégon, anu masing-masing jilid kandelna 64 kaca.

3.3 Pengumpulan Data

Dina ngumpulkeun data panalungtikan, nu nalungtik ngamangpaatkeun instrumén panalungtikan. Instrumén dina panalungtikan éstu penting pisan. Nasution (dina Sugiyono, 2016, kc.306) nétélakeun yén dina panalungtikan kualitatif, nu nalungtik ngabogaan fungsi salaku instrumén utama panalungtikan. Ku lantaran sagala hal dina panalungtikan kualitatif can pasti. Masalah, fokus panalungtikan, prosedur panalungtikan, hipotésis anu dipaké, nepi ka hasil anu dipiharep teu bisa ditangtukeun saméméhna. Sagala hal kudu dimekarkeun sajalan jeung panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah. Ku lantaran sumber panalungtikanna dina wangun tinulis, ieu panalungtikan ngagunakeun métode dokuméntasi. Dina métode dokuméntasi, instrumén panalungtikan nu dipaké nya éta pedoman dokuméntasi jeung *check-list*.

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman dokumentasi. Pedoman dokumentasi ngawengku hal-hal penting atawa katégori anu rék ditéangan datana (Arikunto, 2010, kc. 201). Pedoman dokumentasi anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa tabél-tabél nu bisa ngarojong pikeun meunangkeun jeung ngaruntuykeun data panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, saméméh nganalisis naskah wawacan, diayakeun heula déskripsi naskah saperti ieu di handap.

1. Raratan Naskah nu ngawengku judul naskah, judul dina naskah, jeung judul ceuk nu boga naskah. Salian ti éta disebutkan saha nu narjamahkeun naskah, nu boga naskah, asal-usul naskah, jeung fungsi naskah;
2. Waruga naskah nu ngawengku ukuran naskah, ruang tulis, kaayaan naskah, jumlah kaca, jumlah jilid, jumlah baris unggal kaca, basa, aksara, ukuran aksara, wangun aksara, alat tulis, paginasi, rubrikasi, warna mangsi, warna kertas, jenis kertas, kaayaan tulisan, cap kertas, wangun karangan, ukuran kertas, jeung ukuran naskah; sarta
3. Ciri has naskah nu ngawengku gambar-gambar tanda ganti pada, tanda ganti padalisan, iluminasi, paginasi, judul jero, judul luar, judul jilid, jsb.

Sabada ngadéskripsikeun naskah, pedoman dokumentasi dipaké pikeun nganalisis struktur formal *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* nu digambarkeun dina wangun tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Conto Analisis Sasmita Pupuh

Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri

Kanto	Pupuh	Cutatan	Watek
II	Sinom	... bungahna nu taya tanding (56) ...	Bungah

Analisis struktur formal wawacan dilengkepan ku nganalisis kasalahan guru lagu jeung guru wilangan. Conto format analisisna saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Conto Format Analisis Kasalahan Nulis Guru Wilangan jeung Guru Lagu dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başı*

Kanto/ Pada	Guru wilangan jeung guru lagu		Katerangan (Kuduna)
	Naskah	Patokan	

Tabél 3.3 Conto Analisis Kasalahan Nulis Guru Wilangan jeung Guru Lagu dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başı*

Kanto/Pada	Guru wilangan jeung guru lagu		Katerangan (kuduna)
	Naskah	Patokan	
I Pada 1	8i 8a 8o 8a 8a 8u 8a	8i 8a 8é/o 8a 7a 8u 8a	7a
Pada 2	8i 8i 8o 8a 8a 8u 8a	8i 8a 8é/o 8a 7a 8u 8a	7a

Sabada dianalisis kasalahan guru wilangan jeung guru laguna, satuluyna dirékap sangkan bisa dicindekkeun rupa-rupa kasalahan ku format saperti ieu di handap.

Tabel 3.4 Conto Format Rekapitulasi Kasalahan Nulis Guru Wilangan jeung Guru Lagu dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başı*

No	Kanto	Pada Ka-	Padalisan Ka-							Katerangan
			1	2	3	4	5	6	7	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başı Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

Tabel 3.5 Conto Rekapitulasi Kasalahan Nulis Guru Wilangan jeung Guru Lagu dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*

No	Kanto	Pada Ka-	Padalisan Ka-							Keterangan Kuduna
			1	2	3	4	5	6	7	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
1	I	1-3, 5-11, 14-18, 20- 22, 25-32, 35, 37,38,45- 48, 50					8a			7a
2		4		6é			8a			8é 7a
3		12			9o		8a			8o 7a
4		13			7o		8a	7u		8o 7a 8u
6		19					8a	8u		7a 8u
7		24			9é		8a			8é 7a

Analisis struktur naratif *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* bisa katitén tina sababaraha aspék, diantarana: fakta carita, téma jeung sarana carita. Conto format data analisis struktur naratif *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* ditilik tina palaku jeung latar carita bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.6 Conto Format Data Analisis Palaku dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*

No	Palaku/ karakter	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(4)	(5)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis palaku digambarkeun dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.7 Analisis Palaku dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*

No	Palaku/ Ngaran	Kode palaku	Kanto	Cutatan Pada

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Hasan	I	I	wastana téh Hasan Soig barang dina hiji mangsa nuju di warung téh ningal ka payun ka pasar aya jalma urang Ajam keur leumpang sartana maju kaleresan warung Hasan (4)

I : kanto (nomer pupuh)

4 : pada

I : kode struktur naratif palaku

Tabel 3.8 Conto Format Analisis watek palaku
dina *Wawacan Hikayat Hasan Soig Başri*

No	Ngaran Palaku	Watek	Cutatan Naskah

Tabel 3.9 Conto Analisis watek palaku
dina *Wawacan Hikayat Hasan Soig Başri*

No	Ngaran Palaku	Watek	Cutatan Naskah
1	Hasan Soig	Dedeganna kasép	Jol dongkap ka Hasan Soig lajeng nelele-nelele ningal sarta rupi anu kagét ningal padamelan Hasan gogodeg unggut-unggutan pok ngomong anjeun ku lucu kamasan kasép nyatana. (5)

Tabel 3.10 Conto Format Analisis Latar
dina *Wawacan Hikayat Hasan Soig Başri*

No	Cutatan	Latar		
		Tempat	Waktu	Suasana

Tabel 3.11 Conto Analisis Latar tempat
dina *Wawacan Hikayat Hasan Soig Başri*

No	Cutatan	Latar		
		Tempat	Waktu	Suasana

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Soig Başri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	Cinarios hiji tajir tegesna hiji sudagar nu sugih jembar kasohor bumén-buménna di Basrah ... (1)	V		
---	---	---	--	--


Keterangan kode data:

I : pada

3.3 Analisis Data

Panalungtikan ngeunaan *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* mangrupa panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu ngabogaan tujuan pikeun déskripsi jeung analisis kajadian, *aktivitas* sosial, kapercayaan, *persepsi*, jeung pamikiran jalma boh sacara individu boh sacara kelompok (Sukmadinata, 2012, kc. 60).

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 245) analisis data kualitatif sipatna induktif nya éta analisis dumasar kana data nu kapanggih, tuluy dimekarkeun jadi hipotésis. Nurutkeun Miles jeung Huberman (dina Sugiyono, 2013, kc. 246), analisis data kualitatif dipigawé sacara interaktif jeung lumangsung nepi ka anggeus. Kagiatan dina analisis data ngawengku: *data reduction*, *data display*, jeung *coclusion drawing/verification*. Léngkah-léngkah analisis bisa katitén tina gambar.




Gambar 3.1 Komponén dina Analisis Data

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1 Komponén dina Analisis Data (*Interactive Model*)

1) Réduksi data (*Data Reduction*)

Data nu dicangking ti lapangan kudu dianalisis maké réduksi data. Réduksi data nya éta ngumpulkeun jeung milah-milah hal-hal nu penting pikeun ngaguar téma jeung eusina. Ku kituna, data nu geus dipilah-pilah bakal méré gambaran nu leuwih jéntré jeung nu nalungtik leuwih babari pikeun ngumpulkeun data satuluyna (Sugiyono, 2013, kc. 247).

2) Midangkeun data (*Data Display*)

Sanggeus data dikumpulkeun jeung dipilah-pilah, tuluy éta data kualitatif dipidangkeun dina wangun pedaran, bagan, patalina antar katégori, jrrd. Data nu panglobana dipaké nalika midangkeun data dina panalungtikan kualitatif nya éta téks nu sipatna naratif (Sugiyono, 2013, kc. 249).

3) Kacindekan jeung verifikasi (*Conclusion Drawing/Verification*)

Léngkah nu katilu nya éta nyieun kacindekan jeung vérifikasi. Kacindekan mimiti sipatna saheulaanan jeung bakal robah lamun teu manggih bukti nu kuat tur ngarojong kana tahap ngumpulkeun data satuluyna. Kacindekan bakal *kredibel* lamun kacindekan mimiti dirojong ku bukti-bukti nu *valid* jeung konsistén. Kacindekan dina panalungtikan kualitatif bisa ngajawab rumusan masalah nu dijieun mimiti, tapi bisa ogé henteu, lantaran rumusan masalah dina kualitatif sipatna saheulaanan jeung bakal robah nalika panalungtikan di lapangan. Kacindekan dina panalungtikan kualitatif nya éta hasilna mangrupa data anyar nu can aya saméméhna (Sugiyono, 2013, kc. 252-253).

Rita Rahayu, 2017

Ulikan Filologi Jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Analisis *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* dimimitian ku ngadéskripsikeun naskah dumasar kana raratan naskah, waruga naskah jeung tanda-tanda nu aya dina naskah. Sabada didéskripsikeun naskah ditransliterasi tina kasara Pégon kana aksara Latén. Satuluyna wawacan dianalisis struktur formal jeung struktur naratifna. Struktur formal dumasar kana patokan pupuh (guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra, sarta watek pupuh). Ari analisis struktur naratif ngagunakeun pamarekan struktural Robert Stanton nu ngawengku fakta carita (latar, galur, palaku), téma jeung sarana carita (judul, puseur sawangan, jeung gaya basa).

Dumasar pedaran di luhur, téknik analisis *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* bisa katitén saperti ieu di handap.

- a) Ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*;
- b) Nyusun transliterasi naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*;
- c) Maca jeung neuleuman *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*;
- d) Data dikelompokkeun atawa diklasifikasikeun dumasar kana masalah panalungtikan nya éta struktur formal jeung struktur naratif *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*;
- e) Nyieun kacindekan tina hasil analisis *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*; jeung
- f) Nyusun hasil analisis *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* anu satuluyna dimangpaatkeun jadi bahan ajar maca wawacan di kelas XII.